

PWOJÈ DEFANS EDIKASYON

Pwojè defans edikasyon (EAP) bay konsèy ak reprezantasyon legal nan zafè edikasyon pou paran ki pa gen mwayen, moun kap bay swen, ak elèv yo. EAP bay asistans nan zafè ki gen edikasyon sivil, tankou:

- Edikasyon Espesyal
- Akomadasyon andikap ak sèvis
- Elèv ki gen andikap pou aprann
- Elèv ki gen kapasite fizik/devlopman andikap
- Evalyasyon
- Sèvis Entèvansyon Bonè
- Sispansyon eksesif
- Arestasyon nan lekòl
- Pwogram Depatman Jistis Jivenil
- Sèvi ak restriksyon
- Ekspilsyon
- Diskisyon plasman Edikasyon Altènatif
- Timoun ki nan pwogram rezidansyèl
- Enskripsyon lekòl ak anwolman
- Elèv k ap aprann lang angle a
- Elèv Imigran
- Elèv ki san kay
- Timoun Adoptif
- Tranzisyon
- Transpò

Si w gen nempòt nan pwoblèm sa yo oswa ou panse ke yo te vyole dwa pitit ou a nan yon edikasyon piblik ki gratis, **rele (561) 822-9786**.

Konsènon Sosyete Èd Legal pou Rejyon Palm Beach, Inc.

Misyon nou se pou ofri ak jan konsèy legal sivil, reprezantasyon, ak edikasyon gratis bon kalite pou timoun, fanmi, ansyen, veteran ak moun ki pi vilnerab ak risk nan rejyon Palm Beach pou pwoteje sekirite pèsònèl yo, amelyore opòtinite yo ak kondisyon lavi, epi ankouraje oto-sifzans.



Sosyete Èd Legal pou Rejyon Palm Beach, Inc.

423 Fern Street, Suite 200
West Palm Beach, FL 33401

EAP: 561-822-9786
Telefòn: 561-655-8944
Nimewo gratis: 800-403-9353
Faks: 561-655-5269



PWOJÈ DEFANS EDIKASYON



Sosyete Èd Legal pou Rejyon Palm Beach, Inc.

Asire aksè egal nan jistis pou tout.

561-822-9786
www.legalaidpbc.org/onlineintake

Enfòmasyon sou Pwojè Defans Edikasyon (EAP)

Lè gen yon dezakò avèk lekòl la, ka dispit la souvan kapab rezoud byen fasil. Si pwoblèm ou yo pa rezoud, ou gen dwa diskite sou desizyon lekòl la.

EAP konseye paran yo ak moun kap bay swen sou dwa legal yo konsènan edikasyon. Nou ap ede paran yo jwenn sèvis edikasyon nesèsè ak tès, ale nan reyinyon lekòl ak paran an, epi reprezante paran yo nan medyasyon, jijman pou jistis ekita, ak lòt jijman administratif.



Kouman pou kalifye pou sèvis nou

Pou kalifye pou sèvis yon fanmi dwe nan 200% nan Povrete Gid Federal la. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sit entènèt nou nan www.legalaidpbc.org, oswa rele nan liy telefòn EAP a nan 561-822-9786.

Kouman EAP ka ede w

Edikasyon Espesyal: Konfli ak elijibilite, evalyasyon, plan endividyèl edikasyon (IEP), plan 504, sèvis ki gen rapò, plasman, plan konpòtman, ak disiplin timoun yo ki bezwen edikasyon espesyal.

Enskripsyon lekòl ak Anwolman: Konfli sou delè nan enskripsyon lekòl, anwolman imedya detèminasyon rezidans annatandan, ak kondisyon dokiman innesèsè.

Disiplin: Konfli sou move sispansyon lekòl, twòp aksyon disiplin, pwoblèm ki genyen ak resevwa sèvis edikasyon pandan peryòd sispansyon/disiplin, pou sèvi ak restrictions fizik, ak arestasyon nan lekòl la.

Entèkansyon Bonè ak Jwenn Timoun: Fason pou Ede paran yo ak moun kap bay swen yo jwenn evalyasyon ak bon jan kalite segondè sèvis pou timoun ki fèk fèt jiska senk an ki gen reta nan devlopman oswa sèten kondisyon medical.

Sanzabri yo ak Timoun Adoptif: Ede paran yo ak moun kap bay swen ranfòse dwa elèv sanzabri yo ak timoun adoptif yo jwenn sèvis plasman apwopriye ak akomodasyon pandan tranzisyon, osi byen ke ede ak jwenn yon ranplasan edikasyon.

Pi gran Elèv: Konfli sou edikasyon ki apwopriye ak sèvis pou elèv ki nan, oswa sou lage I nan, prizon oswa Pwogram Depatman Jistis Jivenil (DJJ). EAP tou ede elèv ke y ap pouse soti nan lekòl segondè nan pwogram edikasyon altènatif (pa egzanp: Lekòl mitan lannwit).

Elèv k ap aprann lang angle: Fason pou ede paran e moun kap bay swen pou jwenn evalyasyon apwopriye, sèvis ak plasma apwopriye, anwolman alè nan lekòl yo, epi asire kominikasyon ki soti nan lekòl la yo resevwa nan lang natif natal fanmi an.

Lòt sèvis: Nan sèten ka, nou ka ede ak pwoblèm ki enplike Medicaid, Sekirite Sosyal ak lòt benefis piblik, osi byen ke aksè a sèvis nan kominote a.

*Se habla español.
Nou pale kreyòl.*